Mubereki/Muchengeti we mwana

Nhasi musi wa:

**Mitemo inotaridza vabereki zvinodikwa pafundo yomwana**

Sezvo mwana wenyu ava kudzidza muzvikoro zviri mudunhu rino, nyatsai kucherechedza mitemo inotevera inova inotsanangura zvamunofanirwa kuita kuti mwana avuye kuchikoro nguva dzese.

- Mutemo unoti iwo mwana wese ari pazera rokupinda chikoro (kubva makore mashanu kusvika gumi namatanhatu) anofanirwa kuva muchikoro nguva dzese dzakakodzerana nemirawu yechikoro chake.
- Bato rinomiririra zvefundo mudunhu rino, rinodaidzwa nezita rokuti Local Education Authority (LEA), richange richiongorora nokuona kuti vana vese vanogara muchikoro zvakakodzerana nemirau yedunhu rino here.
- Pamutemo, ibasa romubereki kuona kuti mwana wake anoenda kuchikoro zuva rega rega.
- Kana paine chiripo chinenge chichi netsa vabereki kana zvinoita kuti mwana asakwanisa kuenda kuchikoro, munofanirwa kukurumidza kuzivisa chikoro.
- Tinogamuchira nomufaro mukana wese wese wokutaura navabereki kuti tigadzirise zvinenge zvichikanganisa fundo yomwana. Tinomukurudzirai kuti muridze nhare kuhofisi yechikoro kuti muronge kusangana namabharani wechikoro anomirira nyaya dzamagarire avanhu (Education Welfare Officer).